ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК
9 –æм КЪЛАСЫ

# «ДЕ 'РГОМ НЫХАСÆН ДЫН АРФÆ КÆНЫН...»

(ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТАЙЫ ÆМДЗÆВГÆ «ХÆРЗБОН»- мæ гæсгæ)

УАРЗЫНÆЙ

РÆСУГЪДДÆР

А ЗÆХХЫЛ

НÆЙ.

Чеджемты Æхсар













Урочы нысантæ:

1. Бæлвырд, нывæфтыд фæлгонцты æххуысæй æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды бамбарын кæнын.
2. Æмдзæвгæйы бастдзинад авторы цардимæ.
3. Лирикон хъайтары фæлгонц æмæ авторы уды рæсугъддзинад, гуманизмыл рæзгæ фæлтæры хъомыл кæнын.

Эпигрæф урокмæ:

**«Дунейы хæрзтæй хуызддæр мæм куы кæси**

**Уарзондзинад!..»**

*Хетæгкаты Къоста*

*«Если лишить литературу произведений, в которых царит женщина, несущая и радость, и горе, и вдохновение…*
*Она понесла бы непоправимый урон, в ней наступило бы страшное опустошение.»*

Белоусов Роман

УАРЗОНДЗИНАД ДОЙНАГ ДУР
ДÆР ДОН КÆНЫ.

Æмбисонд

«ЛУЧШЕЕ ПРОЯВЛЕНИЕ БОГА НА ЗЕМЛЕ – СОЗВУЧИЕ СЕРДЕЦ, СРОДСТВО ДУШ … ЛЮБОВЬ.»

Коста Хетагуров

# Къостайы фыстæг Цæлыккаты Аннæмæ

«Мæ царды нысантæ, мæ домæнтæ æмæ мæ принциптæ афтæ æндæрхуызон сты, æмæ уыдон ныртæккæйы уавæрты хъомылгæндтæй искæмæн» хъарын у æгъатыр ми, фыдзæрдæ адæймаджы ми. О, фæлæ æз, уарзгæ кæнын, уарзгæ, 40 мин æфсымæрæй дæр тыхджындæр куы уарзын. Æз уарзгæ кæнын æмæ мæ уымæ гæсгæ фæнды, цæмæй уыцы уарзон адæймаг æппынæдзух мемæ уа, алы сахат, алы минут йæ уындæй мæхи рæвдауон, йæ фæлмæн улæфтæй мæхи æфсадон, йæ царды алы уысм дæр ын æнæвгъауæй дæттон. Дæ царды æппæт уысмтæ дæ уарзон адæймагæн цы ратдзысты? Ау, куыд цы! Уарзондзинад, ме 'хсидгæ, æнæсивгæ уарзондзинад. Ноджы ма æнæзæрдæхудт куыст, сыгъдæг зæрдæ, тырнындзинад, ссæст æмæ æфхæрд кæстæр æфсымæрыл аудын, ноджы ма нывкæнынад, музыкæ, поэзи».





«В  поэзии… Коста Хетагурова Анна Цаликова занимает центральное место: ей посвящены и чувствами к ней вызваны лучшие перлы творения осетинского поэта».

Гиго  Дзасохов

# Хæрзбон!..

Ифтонг хызынæй, лæдзæгæй, æрчъитæй,
Скодтон уæрдæхæй дзыхъхъыннæуæг рон,
Ис ма цыдæртæ мæ кæрцы фæдджитæй…
Дард у мæ фæндаг… Зæгъын дын : хæрзбон!..
Рагæй мын «ацу» дæ цæстæнгас дзуры,
Рагæй дæ кодтон мæ уындæй тæрсын;
Зонын, дæ зæрдæ куыд ризы мæ цуры,
Хъусын ныр дæр ма йæ сусæг хъæрзын…
Гъе ныр хæрзбон, мæ хур!.. Нал мæ уындзынæ.
Дардмæ дæ хæддзуйæ мацæуыл дом!
Райсом мæ цæстæнгас ферох кæндзынæ,
Ферох кæндзынæ иннæбон мæ ном…
Чи зоны, искуы æрæфта дæ зæрдыл
Иунæджы сагъæс, мæгуыры бæллын,-
Чи зоны, искуы куы уайа дæ цæстыл
Уазал æхсæвы фæндагыл мæлын,-
Ма-иу фæтæрс, чызгай! Ахæм фыдфынтæ
Дардæй дын амонд хæсдзысты уæддæр,-
Исчи та исы йæхимæ дæ рынтæ
Исчи дын хъары нывондæн йæ сæр.
Хонын æмбалæн нæ фыдбылыз мемæ,-
Тагъддæр мæ балцæн йæ фæстаг кæрон
Уый «фæндарастæй» кæд ссарин æз йемæ…
Ма фæфæсмон кæ!.. Хæрзбон у, хæрзбон!..






А. Джанаевъ Хетагуровъ
Владикавказъ



# Лирикон герой

1. Ифтонг- хызынæей, лæедзæегæей, æерчъитæей.
2. Рагæй мын «ацу» дæ цæстæнгас дзуры…
3. Гъе ныр хæерзбон, мæ хур!.. Нал мæ уындзынæ.
4. Исчи та исы йæхимæ дæ рынтæ, Исчи дын хъары нывондæн йæ сæр…
5. Хонын æмбалæн нæ фыдбылыз мемæ…

